Bhaibheri re vana
Rikukupai

Jesu anova
nenguva
yakaoma

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Apo Jesu abhabhatidzwa, Mwari akati, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira.”

Mweya Mutsvene waMwari wakaburuka paari senjiva.

Apo Jesu abhabhatidzwa, Mwari akati, “Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira.”

Mweya Mutsvene waMwari wakaburuka paari senjiva.

Ipapo Jesu akatungamirirwa naMweya Mutsvene kurenje kuti anoyedzwa.

Jesu akanga
ari ega.

Jesu akatsanya kwamazuva makumi mana. Zvichireva kuti akanga asingadyi chikafu.
Naizvozvo, akava nenzara.

Bhaibheri rinoti kana mhuka dzomusango dzakanga dziripo.

Satani akauya kuzoyedza Jesu.

Kare, akanga ayedza
Adhamu naEvha kuti
vasateerere Mwari
mubindu reEdheni.
Ikozvino,
Jesu akanga
acheyedzwa.

Satani akayedza
mwanakomana
waMwari, Jesu.

Satani akati, “Kana uri mwanakomana waMwari, rayira mabwe aya kuti ave chingwa. Akaziva kuti Jesu akanga ava nenzara.”

Akaziva kuti
Mwanakomana waMwari
anokwanisa kushandura
mabwe kuti ave chingwa.

Jesu anga
achateerera
Satani here?

Kwete! Jesu haana kuteerera Satani. Akapindura neshoko raMwari.

“Munhu haararame nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.”

Ipapo Satani akamutora akaenda naye kutemberi yokunamatira yakanga iri muguta dzvene reJerusarema.



Zvino Satani akanga achida kuita sei?

Satani akati, “Kana uri Mwanakomana waMwari, zviwisire pasi, nokuti shoko rake rinoti vatumwa vake vachakubatsira.”

Jesu akati, “Kwete! Kwakanyorwawo kuchinzi … ‘Usayedza Ishe Mwari wako.’”





Satani akaedza zvakare.
Akatora Jesu akaenda naye
pamusoro pegomo refu kwazvo.

Achitaridza Jesu kubwinya kwese kwenyika, Satani akati, ...



... “Zvese izvi ndichakupa kana ukandipfugamira uye ukandinamata.”

Jesu akati, “Ibva pandiri Satani!”

Nokuti kwakanyorwa kuti …
“Namata Ishe Mwari wako
uye ushumire iye oga.”

Ipapo Satani akamusiya. Chinhu chikuru chakaitika.

Vatumwa vaMwari vakauya kuzomushandira nokumunyaradza.

Jesu, Mwanakomana waMwari akanga asina kuteerera Satani.

Jesu anova nenguva yakaoma

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 4, Ruka 4

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16